

**ФИДИБÆСТИ СÆРБÆЛТАУ РÆСТУОДÆЙ ХЪИАМÆТГÆНÆГ УОДИБÆСТГИН ФÆУУЙ!..**

*Иван ПАВЛОВ (1849-1936), номдзуд физиолог: «Æз адтæн, дæн æма уодзæнæн уруссаг адæймаг, Райгурæн бæсти фурт. Æ царди хæццæ баст æнцæ ме 'рхунтæ, фиццаги-фиццагидæр, уой сагъæстæй цæрун, æ намусæй федар кæнун мæхе намус...» Бæргæ хуарз уидæ, алкедæр ни нæ Райгурæн бæстæбæл уотæ æновуд ку уайдæ, хуарз ин фæуунбæл удуæлдайæй ку архайидæ!..*


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№21 (893) 2023 анзи 10 июнь – хорхæтæни мæйæ

Аргъ 1 туман




# «ÆЦÆГÆЙ АМОНДГУН ÆЙ ФИДИБÆСТИ ФАРНÆЙ ХАЙГИН АДÆЙМАГ!..»

Кæддæр, дан, еу лæхъуæн исфæндæ кодта æ карни гъуддæгути фæдбæл балций фæццæун. Æма рафæндараст уни размæ æ мади бафарста:

– Фæндаггагæн мæ хæццæ ци хæссон?

– Дæ фиди ном, дæ фиди фарнæ, – адтæй мади дзуапп.

Гъе уотемæй, æ фиди ном, æ фиди фарни хæццæ лæхъуæн ранæхстæр æй æ балций надбæл. Æма кумæдæриддæр бафтуйидæ, уоми ибæл адæм исæмбæлиуонцæ хъæбæр æхцæуæнæй, зæрдиагæй æй исиуазæг кæниуонцæ – æ фиди намусмæ гæсгæ...

Аци таурæхъ, æвæдзи, фегъустайайтæ, уæдта ин æ кой нæ газети амæй размæ дæр ма кодтан. Фал æй абони бабæй æримистан ахсгиаг цауи фæдбæл – авдисæри, 12 июни бæрæггонд цæудзæнæй Уæрæсей Бон. Куд паддзахадон бæрæгбон, уотæ ма хуæрз æригон æй (бæрæггонд цæуй 1994 анзæй фæстæмæ 12 июни), уæддæр æ ахедундзийнадæ ба агъазиау æй. Фиццаги-фиццагидæр, уомæй æма уой бæрæг кæнгæй, æ Райгурæн бæстæ зæрдтагон уарзтæй цитгийнаг кæмæн æй, етæ рæстуодæй расагъæс кæнунцæ æ карнæбæл, æ амондгундæр исонибони сæрбæлтау ин хуарз фæуунæй сæ бон ци æй, уобæл.

Нæ æдзард поэт Кочисати Мухарбег (1920-1944) кæддæр уотæ финста: «Фидибæстæ, дæуæй мæнæн хъазардæр, адгиндæр нæ адтæй æма нæййес. Айдагъ дæ кой, дæ боц дæр устур нифс æнцæ лæгæн...» Æ еци загъд цæйбæрцæбæл æууæнккаг адтæй, е ба рабæрæг æй, Райгурæн бæсти гъезæмайраг рæстæгути æ сæр ку багъудæй, уæд Устур Фидибæстон тугъди рæстæг немуцаг-фашистон æрбалæборгути нихмæ тохи е 'ригон цард иснивонд кодта æ сæребарæдзийнади сæрбæлтау...

Абони дæр нæ Райгурæн бæстæбæл искодта лæгæвзарæн рæстæгутæ – Уæрæсемæ знаги цæстæй нуриуæнгæ дæр ка кастæй æма нерæнгæ дæр ма ка кæсуй, етæ бабæй æ нихмæ аллихузон фудракæндтитæ аразунæй иселлæг æнцæ, гъавунцæ 'й бабун кæнунмæ. Фал, нæ нихмæ раздæри архайгути фудвæндитæй куд неци рауадæй, уотæ нури фудгæнгутæн дæр сæ цъамар фæндитæй неци бантæсдзæнæй. Уомæн æма Уæрæсей рæстзæрдæ дзиллæ алкæддæр нифсгун адтæнцæ æма нерæнгæ дæр æнцæ нæ Фидибæсти æнæбасæттонд- зийнадæбæл æууæнкæй, æ сæрбæлтау архайунмæ разæнгарддзийнадæй. Уомæн æма си федарæй æруагæс кæнуй нæ рагфидтæлти фæдзæхст: «Æцæгæй амондгун æй Фидибæсти фарнæй хайгин адæймаг!..»

## НÆ БÆРÆГБÆНТТÆ



### «ФÆНДУЙ МÆ, ЦÆМÆЙ АЛЛИ БИЙНОНТÆ ДÆР ЗÆРДРОХС УОНЦÆ АМОНД ÆМА ФАРНÆЙ!..»

***Уæрæсей Бони фæдбæл Цæгат Иристони дзиллæн зæрдиагæй райарфæ кодта нæ республики Сæргълæууæг. Æ арфи нистауæни уотæ зæгъуй:***

– Махæй нæ алкæмæн дæр Уæрæсе тæккæ фиццагидæр æй, кæми цæрæн, косæн, сабийтæ кæми гъомбæл кæнæн, еци гъæу, район, сахар, республикæ. Фал еци-еу рæстæг ба ан еу агъазиау æма недзамантæй ардæмæ намусгин бæсти цæргутæ. Уарзæн нæ Фидибæстæ, сæрустур ан æ евгъуд дессаги анзфинстæй, удварни хъаурæй, е 'нæкæрон æма берæвæрсуг æрдзон хæзнатæй.

Уæрæсе æ базури буни æрбайеу кодта берæ адæмихæттитæ – сæ аллихузон динти, сæ культури, сæ историй хæццæ. Æма нæ еци аллихузондзийнади æй нæ хъаурæ. Нæ удиконди федардзийнадæ æма нæ адæми еудзийнади фæрци нæ Фидибæстæ цал æма цал хатти ервæзт уидæ аллихузон зин фæлварæнти рæстæг. Уотæ адтæй æма, федарæй ми æруагæс кæнуй, уотæ уодзæнæй идарддæр дæр!..

Цæгат Иристон дæр куд Уæрæсей æнæфæххецæнгæнгæ хай, уотæ разæнгардæй архайуй нæ Фидибæсти социалон-политикон æма экономикон хабæртти, æ аккаг æвæрæн хæссуй паддзахади ирæзт æма федардзийнадæмæ.

Нуртæккæ нæ размæ лæуунцæ вазуггин ихæстæ, æма сæ æнæмæнгæ ке исæнхæст кæндзинан æмтухæ, æмзундæй, е ми федарæй æруагæс кæнуй.

Нæ республики цæргутæн мæ зæрдæ зæгъуй, цæмæй уонцæ æнæнез, зæрдрохс, нифсгунæй кæсонцæ сæ исонибонмæ, цæмæй алке хæдзарæ дæр уа гъар æма рохс, алли бийнонти дæр уа – амонд æма фарнæ!

Бæрæгбони хуарзæнхæ уæ уæд, мæ хъазар æмзæнхонтæ!


ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!

ГАЗЕТ 2023 АНЗИ ДУККАГ ÆМБЕСÆН РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 344 СОМИ 52 КЪАПЕККИ (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 305 СОМИ 64 КЪАПЕККИ)

ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙÆГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР

***Григорий ПОМЕРАНЦ (1918-2013), философ, финсæг: «Тæккæ æнайïепдæр, æнхæстдæр æхсæнадæ ’й, æ сахъатдзийнæдтæ ка лæдæруй æма сæ рæстæгæй-рæстæгмæ ка исраст кæнуй, уæдта, еу рæдудæй иннемæ хезгæй, размæ ка цæуй, е. Хузæнон уавæрти ци адæм цæрунцæ, уонæмæ æнæсæрфат гъудитæ нæ багъардзæнæнцæ.***

## ИСФÆЛДИСТАДОН МАДЗАЛ



Нæ республики мухур æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет куд игъосун кæнуй, утемæй «Нийерæг æма цæуæт сæ национ уæледарæси», зæгъæ, къарти дуйнеуон конкурси цæгатиристойнæгтæй архайун ке фæндуй, уони бон æй уой туххæй 1 сентябри уæнгæ курдиадæ бадæттун. Аци исфæлдистадон ерис исаразунæн фадуæттæ арæзт цæунцæ «Силгоймæгти интернационалон Цæдес»-и агъази фæрци. Æ нисанеуæг ба æй хецæн адæмихæттити культури æма сæ фидтæлтиккон уæледарæси фæрци Уæрæсей адæмти национ хуæдбарæдзийнадæ равдесун. Конкурси архайуни барæ ес айдагъ нийïергути æма сæ цæуæти нæ, фал нанатæ, дадатæ æма бийнонти иннæ иуонгти дæр.

## КУСТ – МОНДАГГАГ



Цæгат Иристони рацæуддзæнæй кустдæттуни Еугуруæрæсеуон армукъайи федералон къæпхæн «Уæрæсей куст. Равгити рæстæг».

Рацæудзæнæй цуппар раæуеми – Дзæуæгигъæуи национ музейи, Мæздæги Культури хæдзари, уæдта Елхоттæ æма Чиколай культури Хæдзæртти. Æвдист си цæудзæнæнцæ кусти бунæттæ кустдæтгутæй, кустагоргутæн сæ бон уодзæнæй компанити минæвæрттæ хæццæ сæ фæдонти туххæй радзубанди кæнун, æндæр хабæрттæ бæлвурддæрæй базонун. Армукъайæн æ хуарздзийнадæ уой медæгæ уодзæнæй, æма, куст ка агоруй, уони кумæдæр æндæр рауæнтæмæ цæун нæ гъæуй – æндæр регионти циуавæр кусти бунæттæ ес, е си æвдист цæудзæнæй.

## ХЪÆППÆРЕС



Æртиккаг еугуруæрæсеуон онлайн-гъæлæскæнунади бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ, дууæ анземæ Цæгат Иристони 80 æхсæнадон тæлмæй фулдæр аййевгонд æрцæудзæнæнцæ.

Æвзурсти архайдтонцæ 87 мин цæгатиристойнагемæй фулдæр. Раййевæн объектæ нимайгæй, иннæ анз нæ республики исайййев кæндзæнæнцæ 40 æхсæнадон фæзуати, аци анз ба бафснайунмæ гъавунцæ 41 фæзуати. Нуртæккæ ке аййев кæнунцæ, еци 33 объектемæй æхсæз нуриуæнгæ æфснайд æрцудæнцæ.

Æдеугур гъæлæскæнунадæмæ бахастонцæ 59 объекти. Дзæуæгигъæуи еугуремæй фулдæр гъæлæстæ ка æрæмбурд кодта, еци Фæскомцæдесон парк нимад æй гъæлæскæнунади раздзæугутæй еуебæл.

## ХАБÆРТТÆ, ЦАУТÆ

Цæгат Иристони мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитети пресс-службæ куд игъосун кæнуй, утемæй компани «Кавказ. УФ» сæрмагонд бæстæзонæн-рохситауæн проект «Хуæздæр базонæн Уæрæсе»-й фæлгæти аци мæйæ исараздзæнæй студентон экспедици кæсæг-балхъайраг курорт «Эльбрус»-мæ.

Уæхæн цæмæдесаг мадзали архайуни фадуат ес Цæгат Кавказы федералон зилди еугур регионти минæвæрттæн дæр. Компани фæсевæдмæ седуй, цæмæй архайа экспедиций иуонг исуни фæдбæл конкурси. Экспедиций иуонгтæмæ кандидатти номхигъдæ бахауни туххæй дзуæппитæ раттун гъæуй сæрмагонд анкетæн.

Сæрмагонд конкурсон къамис къуæрей æмгъудмæ исбæлвурд кæндзæнæй экспедиций архайгути номхигъд. Еци фæсевæдæн экспедиций рæстæг арæзт æрцæудзæнæнцæ аллихузон бæстæзонæн мадзæлттæ курорт «Эльбрус»-и.

Конкурси архайуни фæдбæл еугур фарстатæ дæр бадæттæн ес компани «Кавказ. УФ»-й официалон минæвар Роман Храмовичмæ уæхæн телефонæй: +7(495)775-91-22, уæлæнхасæн номер:301.

* * *

**«Россельхознадзор»-и Цæгат Кавказы регионти еумæйаг управлени куд фегъосун кодта, утемæй анзи райдайæнæй нурмæ нæ республики хæдзарæдтæ Мæскумæ рарвистонцæ, еумæ райсгæй, 46 тонни спаржæ.**

**Уомæй уæлдай, Цæгат Иристонæй Дагестан æма Астрахани облæстмæ ласт æрцудæй 19,5 мин тонни нартихуар, Стъараполи краймæ ба – 575 тонни сойæ.**

* * *

Дигори æма Уæллагири кæмтти ’хсæн цæуни равгитæ ке фæрци фæззиндзæнæй, еци бæрзонд хуæнхон над нæуæггонд æрцæудзæнæй. Куд нисангонд цæуй, утемæй еци, 5,5 километрей дæргъæн надбæл куститæ гъæуама æнхæстгонд æрцæуонцæ 2025 анзи кæронмæ. Аци гъуддаги ахедундзийнадæ агъазиау уомæй æй, æма дууæ комей исбæтдзæнæй тæккæ цубурдæр над, зингæ фæххуæздæр уодзæнæнцæ транспортон æма экономикон бастдзийнæдтæ нæ республики дууæ районей ’хсæн, фæззиндзæнæй равгæ нæуæг туристон маршрут исаразунæн дæр, сæйраггæр ба – адæми уодæнцойнæн.

## АУОДÆГ Æ ХУÆРЗТÆЙ ÆХУÆДÆГ ДÆР ЗÆРДРОХС ФÆУУЙ!..




# АГЪАЗГЪÆУАГÆ АДÆМÆН – АЛЛИВÆРСУГ ЗÆРДИАГ ЛÆГГÆДТÆ

***Цæгат Иристони социалон гъæуайкæнуйнади къабази нуртæккæ косуй 3,5 мин адæймаги, министради бæрни ес 33 паддзахадон бюджетон организаци, лæггадæ си кæнунцæ аллихузон къуæртти адæймæгутæн. Аци хабар нæ республики фæллойнæ æма социалон ирæзти министр АЙДАРТИ Алинæ фегъосун кодта, социалон косæги Бони хуæдразмæ ци пресс-конференци исаразта, уоми.***

Æ радзубандий ма куд баханхæ кодта, утемæй Уæрæсей Президенти унаффæмæ гæсгæ аци анз 31 майи арæзт æрцудæй «Фидибæстæ гъæуайгæнгути Фонд». Фарæй ардæмæ архайд цæуй алли къуæртти адæймæгутæн социалон паспорттæ искæнунбæл, фонд ба агъаз æй, Украинæй ка здæхуй, еци æфсæддонтæ æма сæ бийнонтæн алливæрсугæй агъаз кæнунæн.

Нури уæнгæ республики ес 25 мин тугъдон архайæги, æма фонди косгутæ сæ цæстæ дардзæнæнцæ уони бийнонти царди уавæртæмæ, ци гæнæн æма амал уа, уомæй син агъаз кæндзæнæнцæ. Æ косгутæй алли райони дæр уодзæнæй 1-2 минæвари. Арæзт æрцудæй Фидибæсти тугъдонти бийнонти комитет, куд нисан кæнунцæ, уотæ фæстæдæр ба исуа хайадæ.

Украини æфсæддон операций архайгутæ реабилитацион агъаз есдзæнæнцæ республики фондз кустуатеми: санаторитæ «Осетия» æма «Сосновая роща»-йи, рацæргæ æма инвалидти бонигон Центри, адæймаги цæуни-æзмæлуни дзæбæхгæнæн æма геронтологон центрти.

Социалон бадзурдти фæдбæл дзоргæй, Айдарти Алинæ куд фегъосун кодта, утемæй аци анз нисан кæнунцæ 1243 бадзурди бафинсун. Анзи райдайæнæй бал сæ тухи бацудæнцæ 644 бадзурди. Сæйрагдæр, етæ агъаз æнцæ фæккæсунгъæуагæ æма бересувæллонгин бийнонти царди уавæртæ фæххуæздæр кæнунæн. Агъаз цæуй цуппар хузи: хе кустуат байгон кæнунæн – 350 мин сомей уæнгæ, хе хæдзарадæн – 200 мин сомей уæнгæ, æндæр гъуддæгутæн – 80 минемæ минкъий фулдæр. Берæ курдиæдтæ балæвардтонцæ.

Иннæ ахсгиаг фарста: скъоладзаути æнæнездзийнади лагерти куст. Республикон бюджетæй дехгонд æрцудæй 230 миллион соми, уонæй 43 миллион соми бахарз кæндзæнæнцæ хуæруйнæгтæбæл æма æнæнездзийнадæ фæффедардæр кæнунбæл. Куд нисан кæнунцæ, утемæй дууæ мин сувæллони гъæуама рарветонцæ Сау денгизи æма республики фæлладуадзæн бунæттæмæ. «Мадæ æма сувæллон»-и балцæгтæмæ гæсгæ лагертæмæ рарветдзæнæнцæ сентябри. Еумæйагæй бауолæфдзæнæнцæ æма се ’нæнездзийнадæ фæффедардæр кæндзæнæнцæ 36 мин сувæллони. Инклюзивон лагертæ косдзæнæнцæ интернат «Ласка»-йи. Сæ курдиадæ бахастонцæ «Время перемен»-и организацийæй, цæмæй Дауни незы хæццæ сувæллæнттæн сæрди мæйти арæзт æрцæуонцæ уæхæн лагертæ. Райдæдтонцæ косун, алли къуари дæр ес 12 уæхæн сувæллони сæ хуæртæ æма æнсувæрти хæццæ. Айдарти Алинæ куд загъта, утемæй сæ зæрдæмæ хъæбæр цæуй.

Идарддæри нисантæбæл дзоргæй, министр бафеппайдта, тугъди архайгутæн берæфадуатгин реабилитацион центр исаразунбæл ке дзубанди кæнунцæ, уой. Комплексон центртæ арæзт æрцæудзæнæнцæ Горæтгæрон æма Мæздæги районти.

***Æрмæг мухурмæ бацæттæ кодта ХЕКЪИЛАТИ Маринæ.***

## ПРОКУРАТУРА СЕВЕРО-ЗАПАДНОГО РАЙОНА Г. ВЛАДИКАВКАЗА РАЗЪЯСНЯЕТ



**ДЗИДЗОЕВА Валерия,**

помощник прокурора Северо-Западного района г. Владикавказа

# НОВЫЙ ПОРЯДОК ПОЛУЧЕНИЯ ПЕНСИЙ И СОЦИАЛЬНЫХ ВЫПЛАТ

**С 1 мая 2023 года вступил в силу Федеральный закон от 18.03.2023 № 76-ФЗ «О внесении изменений в Федеральный закон «О почтовой связи» и отдельные законодательные акты Российской Федерации», в соответствии с которым доставка страховой пенсии производится по желанию пенсионера тремя возможными способами:**

1) через кредитную организацию путем зачисления сумм страховой пенсии на счет пенсионера в этой кредитной организации;

2) через организации федеральной почтовой связи путем вручения сумм страховой пенсии на дому;

3) в кассе организации федеральной почтовой связи.

Возможность получения пенсии иными организациями с 1 мая года 2023 исключена.

Перевод клиентов с иных доставочных организаций на обслуживание через АО «Почта России» с 1 мая 2023 года будет осуществлен с сохранением ранее установленной даты доставки пенсии.

Для выбора способа доставки пенсии или его изменения, получателю необходимо уведомить об этом Социальный Фонд России одним из предусмотренных способов:

1) в электронном виде, подав соответствующее заявление через «Личный кабинет» на «Едином портале государственных и муниципальных услуг (функций)»;

2) письменно, подав заявление в территориальный орган Социального Фонда России либо в МФЦ.

В случае получения пенсий или иных социальных выплат по доверенности, когда в документе в качестве организации-доставщика прописана частная организация, следует оформить новую доверенность, в которой указать в качестве доставщика АО «Почта России».

**Зундгонд паддзахадон æма æхсæнадон архайæг, Цæгат Иристони раздæри Сæргълæууæг (2015-2016 æнзти) Æгъузарти Кими фурт Тамерлани райгурдбæл 14 июни æнхæст кæнуй æртинсæй анзи (1963-2016).**

# ÆРИГОНÆЙ ЗÆРУАМÆ – ЕУНÆГ КЪАХДЗÆФ...



***Нæ рагфидтæлтæ куд дзориуонцæ, уотемæй æригонæй зæруамæ æдеугурæй еунæг къахдзæф ес, æма дин цæмæй рæствæндаггæнæг фæуа, уой тухххæй ба æригонæй гъæуй æновудæй архайун, цæмæй дæ карни гъуддæгутæ зæрдæмæдзæугæ рауайуонцæ, убæл.***

***Кенæ ба, мæнæ уин ци хенвæрсон лæги кой ракæнуйнаг ан, уой хузæн фæсмойнаг фæуудзинайтæ. Цæветтонгæ, еу зæронд лæг бæхмæ исхезун не 'сфæразта æма еци хенвæрсонæй ку загъуйдæ:***

***– Уогæ ба æригонæй ци сæрæн лæхъуæн адтæн, ци!..***

***Фал, æвæдзи, æ еци загъдæй æхуæдæг фефсæрми æй, æ алливарс ракæститæ кодта æма ку неке æрæстæфтæй, уæд нийнæфтæй:***

***– Æригонæй дæр неци адтæн æма нур дæр…***

***Æма цæмæй адæймаг æ зæруай бæнтти уæхæн хатдзæгмæ ма 'рцæуа, уой тухххæй ба 'й æригонæй разæнгардæй архайун гъæуй æ кари равгитæмæ гæсгæ, хæдзардзинæй си испайда кæнунбæл.***

***Уæхæн равгитæ нури рæстæгути æригæнттæн сæ зæрди фæндон берæ æма аллихузон æнцæ æви нæ, е хецæн дзубанди æй. Фал пайда кæнун гъæуй нерæнгæ бал ци фадуæттæ ес, уонæй. Сæ еу – аллианзон фæсевæдон форум «Машук».***

Сæрди ралæуди хæццæ райдæдта аллианзон фæсевæдон форум «Машук»-мæ цæттæ кæнуни куст. Уой хæццæ ма, Цæгат Кавкази фæсевæди аллианзон æмбурд нур æ арæнтæ фæуурухдæр кодта – зундгонд куд æй, уотемæй ин нур лæвæрд æрцудæй еугуруæрæсеуон нисанеуæг.

Аци анз форум арæзт æрцæуудзæнæй цуппæрдæсæймаг хатт, æ архайгутæ æма иуазгутæ Пятигорскмæ æрбамбурд уодзæнæнцæ 12-26 августи.

Фæсевæди гъуддæгути æма Нацити гъуддæгути фæдбæл федералон агентадæ, Цæгат Кавкази федералон зилди Уæрæсей Президенти Æнхæстбаргин минæвари аппарат, Стъараполи крайи Хецауадæ æма иннæ организацитæ нуриуæнгæ рапарахат кодтонцæ форуммæ цæттæгæнæн мадзæлттæ.

«Машук»-и пресс-служби минæвар куд радзурдта, уотемæй аци сæрди форуми архайгутæ исуодзæнæнцæ дууæ мин æригон адæймаги бæсти еугур регионтæй. Алли къабæзти косæг æригон профессионалтæ æма æхсæнадон цæрди хъæппæресгун архайгутæ рæнгъæмæ рахæсдзæнæнцæ сæ инновацион амалгъонадон, ахурадон, рохситауæн æма берæ æндæр цæмæдесаг проекттæ. Уой хæццæ ма аци хатт фæсевæдон форуми сæйрагдæр темæ уодзæнæй Ахургæнæг æма зундамонæги анз.

Ке зæгъун æй гъæуй, амæй размæ форумти фæлтæрддзийнадæбæл дæр къох нæ исесдзæнæнцæ. Раздæри хузæн форуми архайгутæн исараздзæнæнцæ берæ фембæлдтитæ зундгонд политиктæ æма æхсæнадон архайгути хæццæ, промышленниктæ æма амалгъонти хæццæ, цардархайди алли къабæзти косæг экспертти хæццæ… Форуми еугур бæнтти дæргъи дæр сæ куст кæндзæнæнцæ цæлхæмбурдтæ, лекцион æма буцæудзубандий фæзуæттæ, презентацитæ æма уотæ идарддæр. Фæсевæдон æмбурди архайгутæ æма иуазгутæмæ æнгъæлмæ кæсдзæнæй урух культурон программæ дæр.

«Машук»-и пресс-служби разамонæг **Евгения Арустамова** куд радзурдта, уотемæй Цæгат Кавкази федералон зилди субъектти нуриуæнгæ 'взарунцæ, фæсевæдон форуми региони кадæ ка гъæуай кæндзæнæй, еци делегацити иуонгти. «Нæ зæрдæ дарæн, иннæ æнзти хузæн нæ форуммæ фæсевæди еугуремæй хъæппæресгундæр æма гъомусгиндæр минæвæрттæ (18 анзæй 35 анзи уæнгæ), ке исаккаг кæндзæнæнцæ, убæл», – загъта Евгения.

Форуммæ цæттæ кæнунбæл дзоргæй, Цæгат Иристони фæсевæди гъуддæгути фæдбæл Комитети сæрдар **Джусойти Руслан** куд фегъосун кодта, уотемæй аци анз «Машук»-мæ республикæн радех кодтонцæ 10 бунати. Комитети сæрдари дзубандимæ гæсгæ, регионти квотитæ ке фæмминкъийдæр æнцæ, е баст æй, форуми архайгути нимæдзæ еугур уæрæсейаг регионтæбæл ке байурстонцæ, уой хæццæ. «Уотемæй ба фæстаг цалдæр анзей дæргъи форуммæ 'рвистан 200-300 адæймагей бæрцæ», – загъта Джусой-фурт.

Еумæ райсгæй, цæгатиристойнаг фæсевæди балцитæ «Машук»-мæ алкæддæр адтæнцæ æнтæстгин. Зæгъæн, фæстаг 5 анзей дæргъи нæ республики минæвæрттæ сæ инновацион æма æхсæнадон проекттæ æнхæст кæнунæн форуми рамулдтонцæ 300 миллион сомей аргъ гранттæ.

## ЗУНДГИН ЗАГЪДМÆ МА ИГЪОСÆГ КУ УИДÆ!..



Сирдонæн æ гъог ниммардæй æма ибæл кæуй, æрдеуагæ кæнуй. Нарти фæсевæд деси бафтудæнцæ: амæн æ уосæ æрæги рамардæй æма убæл уотæ ку нæ хъонц кодта, уæд æ гъогбæл ба æхе куд маруй. Уæд дин Хæмиц уотæ:

– Сирдон, дæхебæл фæххуæцæ, дæ уосæ ку рамардæй, уæд нифсхастдæр ку адтæ...

– Мæ уосæ ку рамардæй, – зæгъуй син Сирдон, – уæд мин еугурæйдæр зæрдитæ æвардтонцæ: «Тухсгæ ма кæнæ, æндæр дин æрхæсдзинан!..» Нур мæ гъог ниммардæй, æма мин уæ еу дæр æндæр гъог дин балхæндзинан, зæгъгæ, нæ кой кæнуй.

* * *

*Аци хабар, æвæдзи, фегъустайайтæ, уæдта мах дæр ин æ кой кæддæр ракодтан нæ газети. Фал æй нæуæгæй æримистан, уомæн æма нæ абони цардиуаги ци берæ нæхъæртондзийнæдтæ ес, уони райеуварс кæнунæй, комкоммæ ихæсгин ка 'й, етæ нæ айдагъдæр зæрдæвæрæн дзубандитæй еудадзуг ерхæфсунцæ. Хъæбæр бахъонц кæнунцæ нæ бæсти пенсиесгути æдзæллаг уавæри фæдбæл, фал æ фæхххуæздæр кæнунæн ба зæрдæмæдзæугæй неци арæзт цæуй. Кенæ, пенсиесгутæй ма косгæ ка кæнуй, уонæн сæ пенси индексацигонд цæуæд, зæгъгæ, рагæйдæр бæргæ дзурдæуй, фал неци æма неци. Иннæ хабар – тугъди сувæллæнттæ ке хонæн, уонæн ести феддонтæй агъазгонд цæуæд, зæгъгæ, уобæл дæр бæргæ рагæй дзурдæуй, фал – неци æма неци.*



**Антон ЧЕХОВ (1860-1904), финсæг: « Адæмæн сæ тухæ æма сæ ервæзунгæнæг æй, раст ка гъуди кæнуй, хатун æма архайунмæ ка арæхсуй, уæхæн интеллигенци...»**

* * *

– Бæргæ уотæ 'й, фал уæхæн интеллигенци кæми иссирдæуа?.. Нури Уæрæсей еугур къуми дæр фæддеголæ кæнæ, уæддæр ин æ кой е 'стуф дæр не 'ссердзæнæ. Интеллигенцибæл сæхе хенвæрсонæй ка нимайа, уонæмæ ку радеголæ кæнай, уæд сæ фулдæрæй-фулдæремæн се 'ндагон рæсугъд бакасти медæгæ разиндзæнæй пъура...



**Петр КАПИЦА (1894-1984), физик: «Цард къартæй гъазти хузæн æй: гъазис æма гъазис гъазти æгъдæуттæ нæ зонгæй...»**

* * *

Бæргæ хуарз зонæн еци гъазти æгъдæуттæ: гадзирахатдзийнадæ, налатдзийнадæ, сайд, фæливд... Æма уонæбæл хуæст ка 'й, молгæ дæр етæ ракæнунцæ. Фал еци илгъагдзийнæдтæ æ сæрмæ ка нæ хæссуй, етæ ба еудадзугдæр мулд кæнунцæ. Уомæн бæлвурд æвдесæн – нуриккон Уæрæсей ка кутемæйти исбонгин æй æма тухамæлттæ кæнгæй си ка цæруй, уони уавæртæ...



***Владимир МЕДИНСКИЙ,* Уæрæсей æфсæддон-историон æхсæнади сæрдар: «Педагогон институти историон факультеттæмæ бюджетон бундорбæл ахурдзаутæ есуни бæрцæ фæффулдæр кæнун гъæуй. Фæсевæд æгæр ку фæццалх уонцæ сæ зундирахаст син усхъуммитæгæнæг ахурадæбæл, уæд ке исгъомбæл кæндзинан бюджетон æхцатæбæл?..»**

* * *

Цæмæй уотæ ма уа, уомæ гæсгæ ба уæлдæр ахургæнæндæнттæмæ есун гъæуй, ахурмæ тулабаст ка 'й, уæхæнттæ. Нуртæкки уотæ ке нæй, уой фудæй нæмæ æгæр исберæ 'нцæ, уæлдæр ахургонддзийнади дипломтæ кæмæ ес, фал зонундзийнæдтæй ба бустæги кадавар ка 'й, уæхæнттæ. Æ бæлах ба е æй, æма уæхæн «хом специалисттæ» æрахæссунцæ, нæ цæрди алсгиаг гъуддæгутæ кæцæй арæзгæ 'нцæ, еци бæрнон бунæттæ. Гъе уомæ гæсгæ ба берæ цæмæйдæрти æнæнтæст ан.

## АДÆМИ ЦÆСТÆ УИНАГÆДÆР ÆЙ!..

# ФИДИБÆСТÆ ЛÆГБÆЛ ЛÆГИ ИХÆС ÆВÆРУЙ!..

Уæрæсе уæ циуавæрæй фæууинун фæндуй, зæгъгæ, дзиллон цæстингас бæлвурдгæнæг Левада-центр (Уæрæсей юстици æй бахаста фæсарæйнаг агентти хигъдмæ) уæрæсейæгти 'хсæн еуухæхæни ци æрфарст исаразта, уоми архайгутæн сæ дууæ æртиккаг хайемæй фулдæр (66%) бæллунцæ, цæмæй Уæрæсе ,фиццаги-фиццагидæр, исуа адæми цардиуаги æмвæзадæ бæрзонд кæми æй, уæхæн бæстæ, уæдта, еугуремæй тухгиндæр ку нæ уа, уæддæр тухгиндæрти нимæдзи ун ин куд æнтæса. Уотæ ка гъуди кæнуй, уони нимæдзæ – 2015 анзæй фæстæмæ анзæй-анзмæ фулдæр кæнуй æма нуртæккæ иссæй, берæ рæстæгути дæргъи ци æртæститæ арæзт цудæй, уони бæрæггæнæнтæн сæ тæккæ бæрзонддæр. Бафарст адæмæн се 'ртиккаг хай (32%) куд нимайунцæ, уотемæй Уæрæсе гъæуама уа, иннæ паддзахæдтæ дæр цитæ кæмæн кæнонцæ æма уой хæццæ ба тæрсгæ дæр кæмæй кæнонцæ, уæхæн бæстæ. Мадта æрфарст адæмæй ба алли дуккаг дæр (49%) хуæздæрбæл нимайуй советон политикон системæ, уой хæццæ 18% ба арази 'нцæ нуриккон цардарæзтæй (уотæ ка гъуди кæнуй, уони нимæдзæ æхсæз анзей дæргъи фæмминкъийдæр æй еу æма æрдæг хатти), 16% ба бæллунцæ нигулæйнаг бæстити дæнцæмæ гæсгæ арæзт демократимæ.




Æруагæс ни кæнуй, аци нимæдзтæ еуцæйбæрцæдæр фендæрхузон æнцæ, фæстаг рæстæг дуйней дæр æма Уæрæсей дæр ци цаутæ æма хабæрттæ 'рцудæй æма цæуй, уонæмæ гæсгæ. Фал еци æйййивддзийнæдтæ нæ бедуйунцæ еумæйаг хатдзæгбæл – рæстзæрдæй нæ Фидибæстæ ка уарзуй æма ин æ хуарзмæ ка бæллуй, еци уæрæсейаг дзилли фæндуй, цæмæй нæ Уæрæсе уа тухгин æма фæрнæйдзаг, адæми цардиуагæ си анзæй-анзмæ зæрдæмæдзæугæдæр куд кæна.

*БЕСАТИ Тазе (1910-1981), финсæг: «Лæгæн æ базуртæ, æ къабæзтæ, айдагъ е 'нсувæртæ нæ 'нцæ – адæм сæ еугурдæр; ка 'й фæууарзуй æма æхуæдæг ке уарзуй, хуарзæй æй ка фæннимайуй æма æхуæдæг ке фæннимайуй... Уарзон æма хæларæй ке хæццæ цæрай, етæ дин тогхæстæг, æнсувæр дæр æма лимæн дæр!..»*


Дигоргоми тæккæ рæсугъддæр рауæни æрбунат кодта æртæ муггагей – Бесолти, Гасинти, Арсæгти мæсуг.



Бесолти, Гасинти æма Арсæгти фæсевæд нæ устурзæрдæ кæнунцæ сæ фидиуæзæгбæл, ахид бабæрæг кæнунцæ сæ муггæгти еумæйаг мæсуг.

***Нæ Фидибæстæ цардгъон æма тухгин æй, фиццаги-фиццагидæр, æмцæдесонæй си ци аллихузон адæмтæ цæруй, уони æмвæндæдзийнадæй. Еци адæмтæй ба алкæцидæр, намусгин æй, ци муггæгтæй арæзт æй, етæ еу бæласи уедæгти хузæн сæ еумæйаг карнæбæл уозæлунцæ, уой цитгингæнæг æскъуæлхтдзийнæдтæй. Еци æгъдау алли муггагмæ дæр фæлтæрæй-фæлтæрмæ 'й табуйаг, æнæмæнгæ æнхæсткæнуйнаг фæдзæхстæй хестæртæй лæвæрд цæуй кæстæртæмæ. Уомæ гæсгæ ба Иристони алли муггагмæ дæр ес, сæрустур цæмæй уонцæ, уæхæн гъуддæгутæ æма сæрбæрзонд кæмæй уонцæ, уæхæн адæймæгутæ.***

***Амæй размæ дæр нæ газети мухургонд цудæнцæ Иристони кæцидæр муггæгти туххæй уацтæ. Абони дæр уæ зонгæ кæнæн еума уæхæн æрмæги хæццæ.***

# БЕСОЛТÆ, АРСÆГТÆ, ГАСИНТÆ...

НÆ ЦАРДИУАГÆ


**ГАСИНТИ Жорж,**

Цæгат Иристони адæмон хузæгæнæг

Нæ муггаги æма нæ хæццæ æрвадеуæггæнæг муггæгти равзурди хабæрттæ исбæлвурд кæнуни фæдбæл æртæ хатти (1965, 1969 æма 1977 æнзти) фæццудтæн Садони, Уорсдони æма Уæллаг кæмттæмæ. Нæ фидтæлтæ æма æрвадтæлти туххæй фарстон Бесолти Хазбий, Солтанбеги æма Дзибай, Гасинти Лезер æма дууæ Харитони, рацæргæ лæгмæцуд Гасинонти. Гасинти муггаги равзурди туххæй мин лæмбунæгдæр радзурдта нæхе Дзамурзæ, 107-анздзуд, Гæлиати гъæуи цæрæг. Берæ хабæрттæ æма таурæхътæ мин радзурдтонцæ иннæ хестæртæ дæр. Фæстæдæр испайда кодтон архивтæй, уæдта нæ адæми историон æма этнографион киунугути æрмæгутæй дæр.

Уæллагири æма Туалгоми цæрæг адæми фæтæг Ос-Бæгъатæрæн æ фиццаг уосæ Æхсинæй (Картлий паддзах Вахтанг IV кизгæ Кетеван) адтæй фурттæ: Цæразон-Æлгъузон, Къусæгон æма Сидæмон. Дуккаг номбæлуосæй (ирон адтæй) ин адтæй еу фурт – Тидла. Къусæгонæй райгурдæй Ос-Бæгъатæр æма Æхсини уарзон фурти фурт Цъæхил. Еци фондземæй равзурдæй Ос-Бæгъатæри фæдонтæ. Ном Ос-Бæгъатæр адтæй, паддзахеуæг ка кодта, уæхæн тугъдон раздзæуæг-фæтæги титул. Ос-Бæгъатæр цардæй 1260-1306 æнзти Нузали. Гæдиати Секъа куд финста, уотемæй æ ном хундтæй Гæба. Адтæй Уæллагири кæмтти æма Туалгоми раздзæуæг, æ рæстæги ахургонд, уæрæх зонундзийнæдти хецау, хъаурæй æнхæст, æ дзамани æнæгъæнæ Иристон е 'знæгти нихмæ ка исистун кодта æма е 'нсувæрти хæццæ еци уæззау рæстæги нæуæгæй нæ паддзахадæ ка исаразта, Иристонæй ка фæссурдта гурдзиаг æма мангойлаг æфсæдти. 1291-1296-1299 æнзти бампурста Гурдзимæ, басаста Гури, Рами æма Калаки федæрттæ, хъæбæр карзæй тох кодта уони æфсæдти нихмæ. Нæ адæми рагфидтæлтиккон зæнхитæбæл гурдзиаг æлдæрттæ æма азнауртæ ке æрхуæстæнцæ, уой зонгæй æма еци æверхъаудзийнадæн нæ ниббухсгæй, исфæндæ кодта уавæр исраст кæнун. Æма æ къохи бафтудæй – нур Картли æма Триалети ке хонунцæ, еци бæстæ. Кура-дони билæмæ Джерети коми Гæба исаразун кодта устур федар. Агъазиау æскъуæлхтдзийнадæбæл банимайун æнгъезуй, уруси æма берæ æндæр адæмтæ уæд хъæбæр кæмæй тарстæнцæ, еци тæтæрманголти е 'фсæдти хæццæ Иристонæй, Цæгат Кавказæй ке фæссурдта, уой.


Ос-Бæгъатæри сорæт фæлгонцгонд цæуй берæ аллихузон аййевадон уадзимисти.

Гурдзиаг историк Ш. Ониани æ наукон куст «Эпитафия Нузальской часовни»-й 53 фарсбæл æстауй Ос-Бæгъатæри уотæ: «Мтавар Осетии прославил себя и свой народ победами над четырьмя грузинскими княжествами: Картли, Кахети, Имерети и Самцхе-Сатабаго. Его рука доставала почти всего Кавказа».

Нуриуæнгæ аллихузон буцæу дзубанди цæуй, Нузали аргъауæни æвæрд ка 'й, зæгъгæ, уой фæдбæл. Фал бæлвурд æй, Нузали аргъауæни æцæгæйдæр æвæрд ке 'й, нæ адæмæн устур хуæрзти ка бацудæй, æ кади туруса ин бæрзонд ка исиста, уæхæн номдзуд лæг. Æма еци дзамани ба ке адтæй рабарæн Ос-Бæгъатæри хæццæ?!

Цæразонтæ-Æлгъузатæ, Къусæгонтæ-Цъæхилтæ æма Сидæмонтæ астæуккаг æености нæ адæми æхсæнади нимад адтæнцæ ездон «устур муггæгтæбæл». Хумæтæг адæмæй хецæн кодтонцæ сæ устур хъаурæ, бæрзонд уодварни, æгъдау æма тугъдон æнæбасæттондзийнадæй.

Тидлай фæдонтæ нимад адтæнцæ номбæлуоси цæуæтбæл æма сæ социалон уавæрмæ гæсгæ иннæ æнсувæртæн, уони цæуæтæн адтæнцæ лæггадæгæнгутæ æма фæсдзæуинттæ. Фиццаг æртæ рагфидтæлей байзайæггæгтæ куд фæстæдæр, уотæ æрцардæнцæ Уæллагири, Захъай, Турсуй æма Уорстуалти, алке æхе зæнхи арæнти медæгæ. Балигъдæнцæ Дигоргоммæ дæр. Цæразонтæ æма Къусæгонтæ-Цъæхилтæн сæ еумæйаг ковæндонæ адтæй Цъæйи Реком (Хори ком). Тидлай цæуæти æрцæрун кодтонцæ Уæллаг Зинцъари гъæуи, къæдзæхгин рауæн бæрзонд æфцæгбæл, Курттати коммæ надбæл, сæ еуети ба Цъæйи. Баситæ, Къунаттатæ, Гаготæ, Мæрзатæ, Коцтæ, Мурастæ, Годжицатæ фæстæдæр æрцардæнцæ куд Цæгат, уотæ Хонсар Иристони алли рауæнти. Къусæгон æма Цъæхили къабазæ Ос-Бæгъатæри мулк æма зæнхитæ байуаруни фæсте цардæнцæ Уæллаг Иристони (Уорсдони коми) гъæутæ Дагом, Уорсдон, Донисæр æма Ингинти.

Историон наукити доктор Гаглойти Зинæ æ киунугæ «Очерки по этнографии осетин» 136 фарсбæл куд финсуй, уотемæй Къусæгонтæ 'нцæ: Бесолтæ-Гасинтæ – Арсæгтæ, Гæбутæ – Хъаратæ – Хъулатæ – Бурдзиутæ (Лиантæ, Хнеутæ) – Себеттæ æма Хонсар Иристони цæрæг муггæгтæ: Битетæ – Бабайтæ – Гасситæ – Джиотæ – Кокойтæ-Магкотæ – Остъатæ – Хубултæ (ханхæй баст муггæгтæ æрвадтæлтæ 'нцæ).

Еуетæ Гæбути, Хъарати, Хъулати, Бурдзиути æма Себетти (æнцæ Дагой цæуæт) муггæгти нимайунцæ Цъæхили къабазæй мæнæ уæхæн муггæгти хæццæ: Агънатæ – Карсантæ, Баскатæ – Сохитæ – Хохатæ, Бутатæ – Гæбистæ – Сæлбитæ-Гъæргинтæ, Бзиккатæ – Мсойтæ, Маккатæ – Теккатæ, Сугъаратæ – Таутиатæ – Цæбитæ, Теджиатæ, Джиккайтæ, Цъæхилтæ – Æмбалтæ, Хастатæ æма æндæрти хæццæ.

Æма уоми рæдудæй неци ес, кæд æма Цъæхил Къусæгони фурт адтæй, уæд. Джиккайтæ Дагомæй XVII æноси кæрони Медойти хæццæ балигъдæнцæ Дзомагъмæ. Аци гъæумæ ма Уорсдонæй фæстæдæр æрбалигъдæнцæ Дзугати муггагæй æма æрцардæнцæ «Дзугати къулдунбæл».

Къусæгонтæ-Цъæхилти къабазæмæ ма хаунцæ муггæгтæ: Айлартæ, Бугъултæ, Бтемиратæ, Битартæ, Бигъанатæ, Гæздæнтæ, Готцатæ, Гæджинатæ, Дзугатæ, Дзигастæ, Зембаттæ, Лектæ, Салитæ, Санатæ, Тæбæхсæутæ, Хъаиртæ, Цæрукъатæ, Цъитджатæ, Тъоростæ, Келехсатæ, Чеселтæ. Чеселти муггагæй некебал ес. Сæ хумгæндтитæ иурст æрцудæнцæ Дзугатæ æма Келехсатæбæл XVIII æноси.

Аци муггæгтæ равзурдæнцæ Цъæхили астæуккаг фуртæй (æ ном бæрæг нæй) æма цардæнцæ Уорсдони гъæуи. Цъæхили еци фуртæй райгурдæнцæ Бесолтæ æма Мердентæ дæр æма цардæнцæ Уорсдони.

Цъæхили кæстæр фурти цæуæт æнцæ Азиатæ, Алæгатæ, Бзиккатæ, Гæлæбатæ, Дзбойтæ, Дзобатæ, Калмантæ, Мсойтæ, Мецъатæ, Саламтæ, Насхъидатæ, Хестантæ æма æдæр муггæгтæ. Атæ цардæнцæ

Уорсдони ратæдзæни, Донисæри гъæуи. Ранимад муггæгтæ – Къусæгон æма Цъæхили цæуæт – сæ еугурдæр ковунмæ цудæнцæ Дагоми Зæронд Уасгергий дзиуарæмæ, Дзиуарæ нимад адтæй «Реком»-и æнсувæрбæл.

Дагоми устур гъæуи (гъæуи ном равзурдæй Цъæхили хестæр фурт Дагой номæй) ахæста ахсгиаг бунат Уæллаг Ири нæ, фал иннæ синхаг æхсæнæдти царди дæр. Гъæуи адтæй устур тæрхондонæ-нихæс «Мадизæн». Ами игон арви буни бадиуонцæ Иристони зингæдæр æма курухондæр æвзурст лæгтæ, федаун кодтонцæ тоггинти Иристони алли рауæнтæй. (Мадизæн – раст тæрхон æма фæткæвæруни силгоймаг бардауæг.)

Къусæгонтæ-Цъæхилтæ не 'хсæнади социалон структури ахæстонцæ зингæ бунат Цæразонти фарсмæ. Адтæнцæ нæ адæми монон културæи амидингæнгутæ, уодварни ирæзтбæл косгутæ. XIV æноси райдайæни Цъæхилонтæ сæ къохтæмæ æрбайстонцæ коммæ бацæуæн над Шубийи «Къирамад» æма сæ бæстæмæ нæ бауагътонцæ знæгти. Историй æрмæгутæ бæлвурдæй æвдесæн æнцæ XVII-XVIII æности ке архайдтонцæ, Алазани (Искæсæн Гурдзи) дæлвæзи кавказаг адæмтæн ци аллианзон æнсувæрон æмбурдтæ кодтонцæ, е. Къусæгонтæй тæрхони лæгтæй æвзурст адтæнцæ Бесолти Хъудайнат, Гæбути Ахъмурзæ, Дзугати Саукуй æма Саламти Тæтæри. Дагомæн сæ еумæйаг уæлмæрдтæ хундтæй «Арв». Уорсдони коми кадгин дзиуарæбæл нимад адтæй «Мегъдау» дæр æ дзиуæртти комплекси хæццæ.

Коми гъæути абони дæр ес фæуууинæн цæрæн хæдзæрттæ, мæсгутæ, зæппадзтæ. Хонхи бæрзонд фахсæй кæсунцæ коммæ Уорсдони федæрттæ.

Аци хабæрттæ лæмбунæг уомæн финсун, æма куд фæстæдæр, уотæ иронх кæнун райдæдтан нæ адæми евгъуд царди æцæг цаутæ æма хæбæрттæ, нæ истори хаттæй-хатт ба си æцæргдзийнадæ усхъуммитæгонд цæуй æримисгæ «æвдесæнтæй», æма етæ нæуæг фæлтæрти сæри зунди ку æрфедар унцæ, уæд е зæранхæссæн гъуддаг æй, æнæрастдзийнадæ нин исцитгийнаг уодзæнæй. Æма зулундзийнадæ нин табуйаг исуа, уой нæхецæн гъæуама цæмæн аккаг кæнæн? Хуæздæр нæ уидæ рæстдзийнадæ историон æвдесæнти бундорбæл исбæлвурд кæнун? Никки ба ма еуетæ се 'рмæгути финсунцæ Къусæгон æма Сидæмони, уонæй равзургæ муггæгти.

Нæ рагфидтæлтæ сауæнгæ недзамантæй райдайæ æма уæдæй фæстæдæр рæстæгути дæр хуæнхбæсти зæнхæй æфсес некæд адтæнцæ. Уомæ гæсгæ сæ цæрæнбунæттæ ахид æйивтонцæ. Æндæр рауæнтæмæ фæлледзиуонцæ. Гаглойти Зинæ æ киунуги 130-аг фарси финсуй: «Потомки Къусагона, образовавшие колено Къусагонтæ, переселились из Урсдонского ущелья на левый берег реки Ардон и заняли Мизурское плато, где обосновали свое старейшее село Мизур. Они основали также села Ногкау и Биз. В самом Мизуре находился общий для всего колена Къусагонта нихас».

Гъе, уотæ XVIII æноси кæрони Къусæгонтæй еуетæ (Битартæ, Бесолтæ, Мердентæ) сæ цæрæнбунат райййивтонцæ Садонгоммæ. 1840-аг æнзти аци муггæгти зæнхитæбæл косгути хигъди æрцардæнцæ Габистæ, Дзуццатæ, Арсæгтæ, Икъатæ, Рæмонтæ, Цидатæ, Алибектæ, Катаутæ, Маккатæ.

Рæдудæй Бесолтæ, Гасинтæ æма Арсæгти æртæ æнсувæрей цæуæт фæххонунцæ æма уомæн æцæг историон бундор нæййес. Гасинтæ æма Арсæгтæ 'нцæ Бесолти рагон муггагæй равзургæ. Уæлдæр куд загътон, уотемæй Арсæгтæ раздæр фæххецæн æнцæ Бесолтæй Садони. Цардæнцæ хецæнæй, кустонцæ Садони шахтити. Гасинтæ дзæвгарæ фæстæдæр Тхамонæй (Уæллаг Садон) Гæлиатмæ балигъдæнцæ куд Бесолтæ (кæсæ Калоти Бариси киунугæ «Осетины»-й 38-39-аг фæрстæ).

Уæдта Бесолти Дзидой фурт Гасини «Галхауæн Æмбохæни» фарсмæ хуарз зонунцæ Садонгоми цæргутæ. Сæ ралигъди сæр ба адтæй уотæ. Дæллаг Садони æрæгвæззæги адтæй киндзæхсæвæр, рауадæй си хъаугъа. Хилæгæнгутæй еу Бесолти Гасини цæстæ æхси гъæдæй фæссахъат кодта, æма 'й уой фæдбæл Гасин мæрдтæмæ барвиста. Фæтторгин æнцæ дууæ хæдзарей бийнонтæ, хæстæгутæ. Гасин æхе райста Æрæдонмæ се 'рвадтæлтæмæ, Мердентæмæ, æ бийнойнаг Икъаон ба – Уæллаг коммæ. Икъаон раuон-циуон силгоймаг адтæй æма еу æхсæвæ, мет арф ку рауардта, уæд æ дууæ минкъий биццеуи Талай æма Хъасай хурдзинти исæвардта æ хестæр биццеу Кокай хæццæ, æма сæ æ рагъи нæуæгуард мети фæстæрдæмæ цæугæй, дзæвгарæ фæхххаста. Уæдта, цума къахвæд Тхамони мæсугмæ цудæй, уотæ Гъевони æфцæги сæрти хезгæй, Гасини фæдзæхстмæ гæсгæ, сæ биццеути бафæдзахста Æфцæги дзиуарæбæл, Сонгути æносон цъетæ, Нæлизæд æма Гæлиати Фæронбæл. Уотемæй бийнонтæ фæййервазтæнцæ.

Нæ кæстæртæн адтæй æма ес, сæрустур кæмæй уонцæ, уæхæн хестæртæ. Сæ еугурей тухxæй бæлвурдæй радзоруни равгæ нæййес аци æрмæги, фал уæддæр цалдæрей кой ба ракæндзæнæн. Зæгъæн, Бесолти Геуæр. Æрæдони семинари каст ку фæцæй, уæд Канади куста гъæдфадæн заводи хецауæй. Æ косгути нимæдзæ адтæй мин æма æрдæги бæрцæ. Тъунели арæзтади æма æфсæнвæндаги фирми сæргълæууæгæй ку куста, уæд, цæстуарзонæй агъаз кодта берæ нæхердигон эмигрантæн, кавказаг æма уруссаг косгутæн.

Нæ рагфидтæлтæн, ку зæгъун, сæ цардиуаги равгитæ бустæги зæрдæмæдзæугæ нæ адтæнцæ, еуемæй сæ равналæнтæй цубуркъох, иннемæй ба еуварсаг æстъегъути балтæ гъигæ дардтонцæ, еудадзуг лæбурдтонцæ нæ кæмттæмæ æма гъæутæмæ. Гъавтонцæ хуæнхæгтæбæл хъалон æрæвæрунмæ. Еуæй-еу хатт нæ адæмæй сæ къохтæмæ ка бахауидæ, уони ниуууæйæ кæниунцæ Туркмæ æма Хъиримы хантæн, æма нæ фидтæлтæ еци лæборгути нихмæ тох кодтонцæ, кард æма топпи цъухæй син карз нихкъуæрд лæвардтонцæ.

...Бесолти Бæрег цардæй Ирæфи дони билæбæл «Сауæдæнтти». Адтæй имæ хуарз бæхтæ, фонс. Никки ба ма адтæй бæгъатæр æма рæстдзæвийнæ цауæйнон. Æ кадæ æма æ гъæубæстæ гъæуай кæнгæй, рамардта кæсгон къниази æ фæсдзæуинттæй кедæрти хæццæ, иннети ба ледзæги фæккодта нæ зæнхитæй. Уæхæн лæгдзийнадæ ма равдиста Гæбути Бли æма Сеойфурт.

Мадта куд æнæгъæнæ Уæрæсей, уотæ Цæгат Иристони дæр фæллойнæгæнæг дзиллитæ сæ бартæбæл ку истох кодтонцæ æма советон цардиуагæ аразунмæ ку бавналдтонцæ, уæд, нæ абони дзубанди ци муггæгти тухxæй æй, уони минæвæрттæй дæр хъæбæр беретæ фескъуæлхтæнцæ нæуæг цардарæзти сæрбæлтау гъуддæгути. Мадта ка нæ фегъуста зингæрдæ революционер-керменист, нæ адæм кади зартæ кæбæл искодтонцæ, еци æндонреу Арсæгти Горгай ном!

Устур Фидибæстон тугъдмæ нæ муггагæй æма не 'рвадеуæггæнæг муггæгтæй рандæй дæсгай æригон æма рацæргæ фурттæ. Фæскъилдуни дæр ни берæ-берæ нæлгоймæгтæ, силгоймæгтæ, скъоладзаутæ цæттæ кодтонцæ Сурх Æфсадæн гъæугæ продукци, къахтонцæ знаги танкити нихмæ траншейтæ, акъоппитæ, аразтонцæ дзоттæ, доттæ æма æндæр федæрттæ. Берæ цæрунгъæуагæ фæсевæд сæ ирæзгæ цард равардтонцæ уарзон Фидибæсти сæрбæлтау.

Фæстугъди рæстæгути нæ муггæгти минæвæрттæ фæллойнæ кодтонцæ совхозити, шахтити, заводти, ахуради къабæзти. Службæ кодтонцæ æма кæнунцæ æфсади рæнгъити. Беретæ сæ цард иснивонд кодтонцæ нæ културæ æма аййевади размæцудæн.

Мадта абони гъуддæгути дæр нæ муггæгти минæвæрттæй хъæбæр беретæ æскъуæлхтгинæй архайунцæ абониккон цардарæзти аллихузон къабæзти, нæ фидтæлти номæй сæрустур угæй, уони фарнæй хайгин угæй, еузæрдиуонæй архайунцæ уони цитгиндзийнадæ æрфиаг гъуддæгутæй фæгъгъомусгиндæр кæнунбæл. Æма син, федарæй ни æруагæс кæнуй, бантæсдзæнæй!..

## ДЗУБАНДИЙ ФÆДБÆЛ ЗÆГЪУЙНÆГТÆ



**БЕСОЛТИ Æхсарæ, журналист:**

– Индий фарни лæг Рабиндранат Тагор кæддæр загъта уæхæн гъуди: «Наци гъæуама æ зунди цирагъ рахуссун кæнун ма уадза – цæмæй иннæ нацити хæццæ еумæ рохс кæна дуйнæ. Æнамонд æй, цирагъ кæмæ нæййес, еци адæм. Фал мин хатти æнамонддæр æнцæ, рохс кæмæ адтæй, фал æй кæмæн байстонцæ, кенæ ба 'й æвæгæсæгæй ка ниууагъта, еци адæм...» Мæнмæ гæсгæ, æ аци загъд хауй хецæн муггæгтæмæ дæр. Æхе еумæйаг æхснадæбæл, гъома, тогæйхæстæг æрвадтæлтæбæл нимайуй, кæд æ муггагæй сæрустур æй, уæд гъæуама æновуд уа, рагфидтæлтæй ин бундордзийнадæ лæваргонд ке 'рцудæй, уобæл, уой хæццæ ба ма ихæсгин уа удуæлдайæй архайа æ муггаги арфиаг гъуддæгутæй цитгийнаг кæнунбæл архайунæй. Нæ адæммæ хумæтæги нæ фæззиндтæй загъд: «Фиди фарнæбæл фарнæ ку не 'фтауай, уæд ходуйнаг кæнис...» Æма цæмæй уæхæнæй гъæуайгонд уæн, уомæ гæсгæ ба ни алкедæр æ равгитæ æма гæнæнти æмбæрцæ архайа æ муггаги, нæ адæми намусдзийнади сæрбæлтау...



**Бесолтæ, Гасинтæ æма Арсæгти дзиллæ сæ фидиуæзæги бамбурд унцæ, сæ еумæйаг кувди кæрæдзебæл фæццийнæ кæнунцæ, сæ кæстæр фæлтæрти кæрæдзебæл æхцул унбæл ахур кæнунцæ.**

***РЕДАКЦИЙÆЙ.** Гасинти Жорж уой ке баханхæ кодта, æма сæ æрвадеуæггæнæг муггæгтæ сæрустур æнцæ берæ лæгигъæдгун, цитгин, адæми 'хсæн нимад адæймæгутæй, е ни æруагæс кæнуй. Фал ни никки хъæбæрдæр е баруагæс уодзæнæй, æма нæ адæми уодварни хæзнатæн сæ хæзнадæри – нæ маддæлон æвзаг багъæуай кæнун æма æ идарддæри райрæзти гъуддаги сæ лæгдзийнадæ ку бавдесиуонцæ, нæ адæмон газет «Дигорæ» æма журнал «Ирæф» дзиллонæй ку рафинсиуонцæ!..*

*Номдзуд гъæбесæйхуæцæг, дуйней цуппар хатти чемпион, Олимпаг гъæзтити æвзестæ æма бронзæ майдантæ рамолæг, Уæрæсей къуар хатти чемпион, спорти æскъуæлхт мастер Къудухти Бесики рохс ном исцитгин кæнунæн Беслæни æ номбæл Спортивон комплекси æрæги рацудæнцæ уæгъдебарæ гъæбесæйхуæстæй еристæ. Архайдтонцæ си 2000-2005 æнзти игурд богалтæ.*

# БУНДОРÆВÆРÆГ

**ССР Цæдеси спорти мастер, ССР Цæдеси æскъуæлхт тренер ДЗГОЙТИ Захари фурт Аслæнбеги райгурдбæл 18 мартъий исæнхæст æй фондз æма фондзинсæй анзи (1918-1994)**



ДЗГОЙТИ Аслæнбег



**ЧЕРЧЕСТИ Хъæсболат**

публицист, финсæг

***Ирон богæлттæн сæ ном рагæй нурмæ дæр игъустгонд æй еугур дуйнейи дæр. Уонæй беретæ цалдæргай хæттити иссæнцæ бæсти, дуйней æма олимпиадити чемпионтæ. Номæй-номмæ сæ ку нимайæн, уæд син аразун багъудайдæ устур номхигъд. Нæ богæлтти еци уæлахезтæмæ устур æвæрæн ка бахаста, Иристони уæгъдебарæ гъæбесæйхуæсти хузæ уотæ хъæбæр ке фæрци райрæзтæй, уонæй еу адтæй ССР Цæдеси æскъуæлхт тренер Дзгойти Аслæнбег.***

***Хуарз зудтон æз дæр Аслæнбеги. Æ мæлæтæй еуцалдæр къуæрей размæ ма си райстон интервью. Адæймагæй æруагæс дæр нæ кæнуй æма æвзаг дæр нæ тасуй, æ еугур цард дæр ирон гъæбесæйхуæст райрæзун кæнунæн ка иснивонд кодта, æ гъомбæлгонд чемпионтæн банимайæн дæр кæмæн нæййес, ирон лæги кадæ æма ном сæрбæрзондæй ка хаста, еци ездон, хуæдæфсармæ хестæр нур не 'хсæн нæбал æй, зæгъгæ, зæгъунмæ дæр.***

***Фал адзалæн мадзал нæййес. Æгъатир мæлæт кæд æма ци афони æрбахуайдзæнæй лæгæн æ къæразгæ, уомæн рагагъоммæ базонæн нæййес. Аслæнбег ахид æрбацæуидæ «Рæстдзинад»-и редакцимæ. Нæ еугур дæр ибæл хъæбæр бацийнæ кæнианæ зæрдæй. Æ хæццæ дзубанди кæнунæй лæг не 'фсæдидæ. Æ алли дзурди дæр адтæй арф гъуди.***

***Ахид финста нæ газети дæр уадзимистæ. Ирон богæлттæй еске ку рамолидæ, уæд нæмæ е фæххуæрзæнгорæггаг уидæ фиццагидæр. Уæгъдебарæ гъæбесæйхуæсти хузи Иристони цæмæй бæрзонд къæпхæнмæ исхезай, уой фæдбæл берæ цæмæдесаг æрмæгутæ фæммухур кодта Дзгой-фурт. Тренери кустæй уæлдай ма ин æрдзæ балæвар кодта журналисти искурдиадæ дæр. Адтæй ССР Цæдеси журналистти Цæдеси иуонг.***

Цардæй берæ хуарз лæгтæ рандæунцæ. Фал уонæн сæ ном æностæмæ фæццæруй, байзайуй адæми зæрдити. Нæ иронх кæнунцæ ирон адæм абони дæр сæ уарзон æма боц хестæр Дзгойти Аслæнбеги, уæдта 'й иронх дæр некæд фæуууодзæнæнцæ.

Аци рæнгъитæ финсгæй мæнæн дæр нæуæгæй мæ цæстити рази фестадæй Аслæнбеги сорæт. Мæ гъостæбæл рауайунцæ фæстаг хатт ма æ хæццæ ку дзубанди кодтон, уæд мин мæ фарстатæн ци бæлвурд дзуæппитæ лæвардта, етæ.

Нæ рагфидтæлтæ – алантæ – адтæнцæ æхсаргин æма бæгъатæр. Уонæн сæ тог абони дæр цæуй сæ фæдонти – ирæнтти тогдадзинтти. Гъæбесæйхуæст дæр тох æй, мадта куд. Æргъуди кæнайтæ нæ номдзуд богал Хъанухъуати Болай. Уомæн тохгæнæг хъаурæ нæ ирдта. Æ кой райгъустæй æнæгъæнæ дуйнебæл дæр. «Хъазбег-Хонх» дæр æй дзæгъæли нæ худтонцæ.

Болай фарнæ нæ фесавдæй. Æ фæсте берæ игъустгонд богæлттæ фæззиндтæй Иристони зæнхæбæл. Устур Фидибæстон тугъди размæ нæ богæлттæй размæ ка рацудæй нæ бæсти, уони хæццæ адтæнцæ Бурнæцти Барис, Лæцойти Махар, Дзуццати Мишæ, Хуадонти Барис, Мустафа Наков æма æндæртæ. Уони хæццæ адтæй 1937 анзи Сталингради ССР Цæдеси 4-аг къуари фиццаг бунат байахæссæг еристи архайæг Дзгойти Аслæнбег дæр. Е уæхæн устур еристи уæд архайдта фиццаг хатт. Кæд си фиццаг бунат нæ байахæста, уæддæр ин æ арæхстгин хуæстбæл сæ цæстæ æрæвардтонцæ зундгонд тренертæ.

Фæстæдæр Аслæнбег ахур кæнунмæ бацудæй Севастополи уæлдæр тугъдон-денгизон училищемæ. Ами дæр нæ ниууагъта æ гъæбесæй хуæцун. Еу хатт имæ училищемæ хецау вице-адмирал Дроздов фæдздзурдта æма ин уотæ:

– Нæ зæрдæ дæбæл дарæн, Дзгойфурт, æма дæ бакодтан нæ училищей еугонд командæмæ уæгъдебарæ гъæбесæйхуæстæй æма боксæй. Гъенур дæ хъауритæ æма дæхуæдæг...

Адмирали æма училищей коллективи æууæнкæ нæ фæссайдта Дзгойфурт. Е 'мзæнхонти 'хсæн иссæй Хъирими æма Сау денгизи флоти чемпион боксæй æма уæгъдебарæ гъæбесæйхуæстæй.

Тугъди фæсте æнзти дæр Аслæнбег нæ исустурзæрдæ 'й гъæбесæйхуæстбæл. 1947 анзи Михайловски æхе хъæуритæй исаразта гъæбесæйхуæсти секци. Æ фиццаг гъомбæлкæнуйнæгтæй еу адтæй Дзарасти Саукуй. Е адтæй хъæбæр хæларзæрдæ æма зæрдæргъæвд биццеу. Берæ бауарзта гъæбесæйхуæст. Еугæр горцъемæ байервазтæй, зæгъгæ, уæд «мæгур бон» кодта æ нихмæлæуууæгбæл. Сæ фулдæребæл фæуууæлахез уидæ.

1948 анзи Аслæнбеги гъомбæлкæнуйнæгтæ уæд фиццаг хатт архайдтонцæ уæгъдебарæ гъæбесæйхуæстæй нæ республики чемпионати. Гъæуай кодтонцæ Рахесфарси районi кадæ. Сæ къохи бафтудæй хуарз спортивон æнтæститæ. Еци анз рабæрæг æй, Дзгойфуртæн æрдзæ ке балæвар кодта тренери устур курдиадæ, е.

Еци анз ма сахар Ростови байгон æй Цæгат Кавкази спартакиадæ спорти алли хузтæй. Уордæмæ хунд æрцудæнцæ иристойнаг богæлттæ, гимнасттæ, боксертæ æма рæуæг атлеттæ дæр. Фал, раст зæгъгæй, зæрди фæндон æнтæстдзийнæдтæ нæ бафтудæй сæ къохи.

Еци еристæй исæздæхгæй, Дзгойфурт федарæй исфæндæ кодта, цæмæй нæ республики сæйраг сахари арæзт æрцæуа сæрмагонд секци уæгъдебарæ гъæбесæйхуæстæй. Æма е æ къохи бафтудæй. Хецауади размæ фарста исæвардта, цæмæй нæ гъебæсæйхуæцгутæн тренировкитæ кæнунæн радех кодтайуонцæ хецæн бунат. Æма Дзгой-фуртæн фадуат фæцæй хецæн зали æ богæлтти цæттæ кæнунæн. Гъæбесæйхуæст ка уарзта, еци фæсевæд сæмæ цæун байдæдтонцæ зæрдиагæй. Уони 'хсæн адтæнцæ федæни зундгонд богæлттæ Хъулати Бадзи, Дзарасти Саукуй, Бестаути Алимбег, Григорий Кирокосян æма æндæртæ.

Цæмæй гъæбесæйхуæст Иристони хъæбæрдæр райрæзтайдæ, уой туххæй æригон фæлтæрæн сæ еугур зонундзийнæдтæ дæр æнæвгъауæй лæвардтонцæ фæлтæрдгин тренертæ Мишæ Огладзе, Дзгойти Аслæнбег, Суменати Кермен, Гиоти Хасан, Вараздат Григорян æма æндæртæ.

Дзгой-фурт уæлдай дæснидæр адтæй богал равзарунмæ. Е цалдæр хатти бакæсидæ æригон лæхъуæни гъæбесæйхуæстмæ, æма ин уомæ гæсгæ аргъ искæнидæ. Уотæ рауадæй сæ хъисмæт Андиати æскъуæлхт богал æнсувæртæн дæр. Аслæнбеги фæрци уонæн байгон æй урух над устур спортмæ. Уæлдайдæр ба сæ кæстæр æнсувæр Сосланæн. Уомæн æ ном сугъзæрийнæ дамугъатæй финст æрцудæй нæ бæсти уæгъдебарæ гъæбесæйхуæсти спорти историй.

Дзгойти Аслæнбег уæгъдебарæ гъæбесæйхуæст бауарзун кодта æ фурт Тайморазæн дæр. Фал уомæн æ хъисмæт спорти рауадæй, мæнæ бæрзонд арвбæл стъалу куд ферттевуй æма æваст куд рахуссуй, уотæ. Фæдфæди дууæ хатти иссæй дуйней чемпион. Спорти дæснитæ ибæл сæ зæрдæ дардтонцæ, е æнæмæнгæ исуодзæнæй олимпиади чемпион, зæгъгæ. Фал... Тайморазæн тренировкити рæстæг æнæнгъæлти æ бæрзæйи гъолæ схъес саст фæккодта æма уоййадæбæл ниууагъта æ спорт.

Еци æверхъау бæлахбæл хъæбæр фæрристæй Аслæнбеги зæрдæ. Бæргæ ма 'й дохтиртæмæ фæрраласæ-баласæ кодта, фал...

Дзгойти Аслæнбег абони кæд не 'хсæн нæбал æй, уæддæр æ фарнæ цæрæнбонтæмæ байзайдзæнæй уæлæбæл. Е ци берæ богæлтти исгъомбæл кодта, етæ ин цæргæбонтæмæ дæр нæ феронх кæндзæнæнцæ æ ном.

Аслæнбеги хæццæ берæ æнзти дæргъи усхъæй-усхъæмæ фæккуста зундгонд богал, ССР Цæдеси æма Уæрæсей Федераций æскъуæлхт тренер Бекмæрзти Михал. Е æхуæдæг куд дзурдта, уотемæй берæ хуарздзийнæдтæ зудта Дзгой-фуртæй, берæ цæмæдесаг хабæрттæ бадардта æ зæрдæбæл аци зундгонд спортсмени туххæй.

– Æз хъисмæтæй уæлдай арфиаг уомæй дæн, æма царди медæгæ ке исæмбалдтæн Дзгойти Аслæнбеги хæццæ, – имиста Михал. – Æхецæй ездондæр æма хуæдæфсармæдæр лæг зин иссерæн адтæй. Æ дзурди гъæдæ ездон æма арфгъудигæнагæ, хестæртæн – хуарз хестæр, кæстæртæн – хуарз зундамонæг.

Аслæнбеги хæццæ хъæбæр раги базонгæ дæн. Дзæуæгигъæуи шофери къурситæ куддæр каст фæдтæн, уотæ уæзласæн машинæбæл косун райдæдтон Садони. Берæ уарзтон уæгъдебарæ гъæбесæйхуæст. Еу бон бафтудтæн Дзæуæгигъæумæ. Мæ уæзласæн хуæдтолгæ фæууорæдтон Маркуси гъæунги, спортивон зали фарсмæ. Уоми тренировкитæ цудæй уæгъдебарæ гъæбесæйхуæстæй. Æз цæмæдесæй берæ фæккастæн æригон лæхъуæнти дæсни

Адæмон Хæдзаради Æнтæстдзийнæдти Равдисти (ВДНХ) равзурди Бон бæрæггонд цæудзæнæй 16 июни.

*Дууæ боней дæргъи 120 богали тох кодтонцæ дæс уæземи 1 – 3 бунæттæ байахæссунбæл. Алли уæзи адтæй фиццаг бунат байахæссунмæ ка тундзтæй, уæхæн цалдæргай богали. Уомæ гæсгæ еристæ рауадæнцæ цæмæдесаг. Уæлахездзаутæ æма призон бунæттæ рамолгутæ хуарзæнхæгонд æрцудæнцæ майдантæ, грамотитæ, дипломтæ æма Кубоктæй.*



**Дзгойти Аслæнбеги фурт Таймораз, уæгъдебарæ гъæбесæйхуæстæй дуйней дууæ хатти чемпион, уотæ имисуй: «Мæ фидæн æ уодиконди зæрдæмæдзæугæдæр менеугутæй еу е адтæй, æма алли гъуддаги тæккæ сæйрагдæрбæл нимадта рæстдзийнадæ, æнадæй-æнадæдæр ин адтæнцæ хийнæдзийнадæ, фæливд миутæ. Уомæ гæсгæ спорти дæр æгадæбæл нимадта æлхæнгæ уæлахез. Уæлахез уæд фæууй уæлахезбæл нимад æма æцæг кæдзосзæрдæй ку рамолуй. Гъулæггагæн, æгадæ мулдтитæ ка ракодта, уæхæнттæ еу æма дууæ нæ адтæнцæ. Фал си мæ фидæ æ уодхæссæг уидта. Нецæбæл сæ нимадта, æма мæн дæр, уæдта æ еугур гъомбæлгæнгути дæр уæхæн зундирахастбæл ахур кодта.**

**Къарти:**

**• Цал æма цал хатти ислæууидæ Дзгойти Аслæнбег спортивон уæлахезти тæккæ уæлдæр къæпхæнбæл.**

**• Дзгойти Аслæнбеги æносон бунат иссæй Дзæуæгигъæуи Кади Аллейæ. Дзенети уодæнцойнæдæр бунатæй хайгин уæд...**



гъæбесæйхуæстмæ. Хъæбæр мæ бафæндадтæй мæн дæр мæ хъауритæ бавзарун æма æфсæрмитæгæнгæ бахизтæн залмæ. Тренер Суменати Керменæн исгъæр кодтон мæ фæндæ, мæн богал исун ке фæндуй, уой. Суменифурт мæмæ бакæститæ кодта æма мин загъта, цæмæй тренировкитæмæ цæун райдайуон.

Æз фурцийнæй мæ машини рабадтæн æма игъæлдзæгæй рараст дæн фæстæмæ Садонмæ. Сахари гъæунгти цæугæй, фæккомкоммæ дæн еу афишæмæ. Уоми финст адтæй: «Исон Декабристти хæдзари уодзæнæй устур еристæ. Цæгат Иристони чемпион Дзгойти Аслæнбег гъæбесæй хуæцдзæнæй советон цирки игъустгонд богæлттæ Сычев, Смыслов æма æндæрти хæццæ. Хонæн уæ, ке фæндуй, етæ æрбацæуæнтæ».

Æз дуккаг бон фæстæмæ балæудтæн Дзæуæгигъæуи. Мæ къохи бафтудæй аци гъæбесæйхуæстмæ бакæсун. Абони дæр ми не ’ронх кæнуй, бæрзонд, нарæгастæу, федæрттæ, уæйугарæзт богал Дзгойти Аслæнбег сцени горцъемæ ку рахизтæй, уæд ин адæм куд æрдзæф кодтонцæ, е. Аслæнбег хъæбæр гъæддух фæллæудтæй аци игъустгонд богæлтти нихмæ.

Æз уæд федарæй загътон мæхецæн: æнæмæнгæ гъæуама исуон богал.

Аслæнбеги фиццаг хатт гъæбесæй хуæцгæ ку фæууидтон, уæдæй фæстæмæ æнæзийнадæй цæун байдæдтон тренировкитæмæ. Фæстагмæ хæстæгдæр базонгæ дæн Аслæнбеги хæццæ дæр. Адтан æмуæзонтæ. Ахид тренировкити хуæстан еумæ. Е къохæй адтæй хъæбæр домбай. Лæги æ бæрзæйæй æрахæста, зæгъгæ, уæд си райервæзæн нæбал уидæ.

1952 анзи Бакуй цудæй ССР Цæдеси чемпионат уæгъдебарæ гъæбесæйхуæстæй. Уоми Иристони кадæ 73 килограмми уæзи гъæуай кодтан дууемæй – æз æма Дзгой-фурт. Еци еристи æз, ке зæгъун æй гъæуй, фæххуæрд дæн Аслæнбегæн, фал мæ дæс хуæздæр спортсменей номхигъдмæ ке бахастонцæ, уомæй адтæн сæрустур. Нифситæ мин æвардта Аслæнбег дæр.

Æз дæр мæхебæл зæрдиагæй кустон æма еу æнтæстдзийнадæй иннемæ кодтон æндиуддæр къахдзæфтæ.

Цалдæр дзурди мæ зæгъун фæндуй, Аслæнбег куд хæларзæрдæ æма æмгаруарзон адтæй, уой туххæй. Пединститути физкултури факультети дуккаг къурси ку ахур кодтон, уæд уæхæн уазал зумæг искодта æма, мæ уæле гъар хъæппæлæн ци искодтайнæ, е нæ адтæй, æма цалдæр бони нæ рандæ дæн ахурмæ. Уой æрæстæфтæй Аслæнбег. Æрбауадæй мæмæ, æ уæлейæй мин раласта æ гъар пъæлито æма мин æй балæвар кодта. Æз ин æй нæ кумдтон, фал мин æй уæддæр мæ уæле искæнун кодта. Фæстæдæр ба ин æхе фæууидтон еу тæнæг дæрдгун пъæлитой. Æз ин æй фæстæмæ бæргæ лæвардтон, фал мин æй нæбал бакумдта. Фæлмæн мæмæ бахудтæй æма мин загъта:

– Аци пъæлито æндеггæй бакæсгæй тæнæг зиннуй, фал медæггæй ба хъæбæр гъар æй...

Аслæнбег адтæй игъæлдзæг æма гъазæн дзубандитæгæнагæ. Ростови нæхе цæттæ кодтан бæсти чемпионатмæ. Рæфтад кæнун афонæ адтæй æма Аслæнбег Бестаути Алимбег æма Баллати Амурханмæ дзоруй:

– Гъæйдæ, неци ма бахуардтайтæ?

– Хæрæги тъæнгтæ бахуардтан, – загъта ин Амурхан.

Еци дзубанди фегъосгæй, Аслæнбег бахудтæй æма мæнæн уотæ бакодта:

– Михал, атæ сæхуæдтæ куд зæгъунцæ, уотемæй æфсес æнцæ æма цæуæн нæхуæдтæ рæфтад искæнæн...

Аци хабар ба Украини сахар Зинтари адтæй. Уоми Аслæнбеги хæццæ нæхе цæттæ кодтан бæсти чемпионатмæ. Аслæнбег цардæй хецæн уати Украини чемпион 52 килограмми уæзи Леонид Фиргер æма нæ бæсти чемпион Николай Комови хæццæ. Аслæнбег æма Николай изæрæй рагириз кæнунмæ гъавтонцæ Леонидæй. Æхсæвæ еу афони Комов æ фуни барæй гъæрæй дзоруй:

– Æз нуртæккæ, мæнæ мæ уати ка ес, уонæй еуей гъæуама рамарон...

Леонидбæл катай бафтудæй æма Аслæнбеги размæ бауадæй. Аслæнбег имæ гъæццоли бунæй æ кард радардта æма ин зæгъуй:

– Игъосун æй, игъосун!.. Мадта мæмæ минкъий хæстæгдæр æрбацæуа, æз ин аци кардæй æ сæр ратæхун кæндзæнæн...

Леониди бустæгидæр тас бацудæй. Æ дзаумæуттæ рамбурд кодта æма сæ уатæй фæллигъдæй.

Аслæнбег æма Николай сауæнгæ сæумæмæ нæбал бафунæй æнцæ. Фурходæгæй сæбæл хуссæг дæр нæбал цæфстæй.

Аци хабар дæр Украини адтæй. 1956 анзи Киеви ресторани рæфтад кæнгæй, Николай Комови хæццæ Аслæнбег рахæснæ кодта, е айдагъ е ’нгулдзити хъаурæй хуæруйнæгтæй идзаг стъол хæрдмæ ке исесдзæнæй æма ’й еу рауæнæй иннæ рауæнмæ ке рахæсдзæнæй, уобæл. Аслæнбег рамулдта аци хæснæ æма Комов фæммулд æй. Багъудæй æй е ’мбæлттæн сехуари аргъ федун.

Зин, хъæбæр зин ниббухсæн фæууй, Аслæнбеги хузæн фæрнгун лæгтæ Иристонæй ку фæгъгъæунцæ, уæд уомæн. Бæргæ, æ сæдæ анзей бонмæ ма æхуæдæг дæр ку фæццардайдæ, уæд нин цал ходæги æма игъæлдзæг хабари ракодтайдæ, фал... Хъисмæт ци искæрда, уой сæрти рахезун адæймаги бон нæй.

Айдагъдæр еу гъуддаг бæрæг æй: уæхæн лæгтæн райгурæн бон фæууй, рамæлæн бон ба – некæд.

## Æ КУРУХОНДЗИЙНАДÆЙ ДЕСИ ÆФТУДТА!..



**БАГАТИ Славик, Уæрæсей Федераций æскъуæлхт тренер, падагогон наукити кандидат:**

– Мæнæн Аслæнбег Захари фурт бафнæзуйнаг адтæй куд тренер æма æхсæнадон архайæг, куд хестæр æма гъомбæлгæнæг. Мæ цардæндæргъци æз уæхæн курухон адæймагбæл некæдма исæмбалдтæн. Алли фарстати дæр æрæхстгин, куд спорти къабази, уотæ æхсæнадон царди фарстати дæр. æ цард еугурæй дæр адтæй дæнцæн хæссуйнаг. Мадта цæйбæрцæбæл хъазауатонæй фæллæггадæ кодта нæ уарзон Иристонæн, нæ Фидибæстæн æнæгъæнæй!.. Хъæбæр мæ фæндуй, уæддæр еу гæзæмæ уой хуæрзуоди менеугутæй мæнмæ дæр ести ку уайдæ.

## БАФÆНЗУЙНАГ ГЪОМБÆЛГÆНÆГ, ЗУНДАМОНÆГ!..



**Салман ХАСИМИКОВ (Цæцæн), ССР Цæдеси спорти æскъуæлхт мастер, дуйней цуппар хатти чемпион:**

– Абони дæр ма Аслæнбегмæ кæсун фиди цæстæй. Алли гъуддаги дæр адтæй бафæнзуйнаг, æцæг гъомбæлгæнæг æма ахургæнæг.

Уой гъомбæлгæнуйнæгти къохи ци æнтæститæ æфтудæй, уæхæн дуккаг нæбал разиндзæнæй.

Сауæнгæ ма мæ уарзон тренер Багати Деги дæр æ гъомбæлкæнуйнаг адтæй Грознай косгæй, нæ фидибæстон спорти агъазиаудæр хузтæй еуей, гъæбесæйхæсти туруса исистонцæ тæккæ цитгиндзийнади тæккæ бæрзонддæр цъоппмæ.

## ÆЦÆГÆЙДÆР АДТÆЙ ХУÆЗДÆРТÆЙ ХУÆЗДÆР!..



**Томас БАРБА (Мæску), ССР цæдеси æскъуæлхт тренер:**

– Дзгой-фурт адтæй устур адæймаг æма устур тренер. Адтæй ахургонд, цæмæдессаг алцизонагæ, æцæг интеллигентон зундрахаст кæмæ адтæй, уæхæн адæймаг. Ахургæндти, сауæнгæ игъустгонд профессорти æхсæн берæ ес арф зунди хецæуттæ, фал си æцæг интелиггенттæ ба хуæрзæстæнтæ æнцæ. Аслæнбег ба æ дæснийади адтæй искурдиадæгин ахургонд дæр, профессор дæр, интеллигент дæр. Æхцæуæн мин адтæй, Дзгой-фурт æ рæстæги XX-аг æноси хуæздæр трененрбæл нимад ке æрцудæй, е. Æцæгæйдæр адтæй хуæздæртæй-хуæздæр.

## АЛЛИ ГЪУДДАГИ ДÆР – ДÆНЦÆН ХÆССУЙНАГ!..



**ТАУИТТИ Валери, Уæрæсей æскъуæлхт тренер:**

– Аслæнбег махæн, нæ æригонæй æ хæццæ архайуни амондæй ни ка фæххайгин æй, адтæй дæнцæн хæссуйнаг нæ алли гъуддаги дæр. Æз мæхуæдæг уой агъазæй райдæдтон спортивон еристи комментаторæй косун. Æ унæфтæ алкæддæр уиуонцæ раст, æ уайдзæф  дæр зæгъидæ комкоммæ, уой дæр фæлмæн хузи, æма ни ’й алкедæр балæдæридæ бозæй, æ зæгъунæгтæ нин уиуонцæ зундамунди хузæн, æ хæццæ исарази уогæй, архайдтан сæ исæнхæст кæнунбæл.архайдтан зæрдиагæй... Цийфæнди гъуддаги дæр æй банимайун æнгъезуй устур дæснибæл.

**Тогдæттæги (донори) Æхсæндуйнеуон бон бæрæггонд цæудзæнæй 14 июни.**

***Нæ рагфидтæлтæй нин зундамонæг фæдзæхститæ байзадæй, уонæй еу уæхæн æй: «Адæмæй еуетæ усхъæуæзæй царди фæрæзнæ амал кæнунцæ, иннетæ ба, куд хуæздæрæй ин æй расайуонцæ, уобæл архайунцæ...» Æцæгæйдæр уотæ ке æй, уомæн æвдесæн ба нæ нуриккон цардарæзт – еуетæ сæ рæстзæрдæ хъиамæттæй ке бакосунцæ, е син кедæр амæттаг бауй...***

## НИМÆДЗТÆ – ÆВДЕСÆНТÆ

### БИЙНОНТИ ЦАРДИУАГИ САГЪÆССАГ УАВÆРТÆ

Бийнонти фæрнуг цари уавæрбæл дзоргæй евгъуд анзи бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ, Цæгат Иристон байахæста 77-аг бунат.

Нимæдзтæ куд амонунцæ, уотемæй дууæ сувæллони хæссæг бийнонтæ, æнæмæнгæ сæ ка гъæуй, тæккæ минкъийдæр уæхæн хæрзтæ ку бакæнунцæ, уæд ма сæмæ байзайуй айдагъдæр 10 мин соми. Бийнонтæн еу сувæллон ку уа, уæдта – 25 мин соми.

Рейтингæн æ фиццаг бунати æй Ямало-Ненецти автономон зилд – уоми бийнонтæ сæ минкъийдæр хæрзтæ ку бакæнунцæ, уæд ма сæмæ байзайуй 118 мин соми. Æ хуæдфæсте цæуунцæ: Мæску (89,6 мин соми), Сахалини облæст (78,6 мин соми) æма Ханты-Мансийски автономон зилд (77 мин соми).

Рейтингæн æ фæстаг дууæ бунати байахæстонцæ Мæхъæли Республикæ (-203 соми) æма Кæсæг-Балхъар (-7 мин соми).



### МИЗДИ БÆРЦÆ

Аци анзи фиццаг квартали Цæгат Иристони номиналон мизди бæрцæ рауадæй 37,8 мин соми (фари еци рæстæгти хæццæ рабаргæй, миздбæл бафтудæй 14,7 процентι). Аци хабар фегъосун кодта «РосБизнес-Консалтинг Кавказ».

Статистики цæгаткавказаг управлений бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ, аци анзи фиццаг квартали Цæгат Кавказаг федералон зилди хумæтæг рæстæмбес мизди бæрцæ рауадæй 38,3 мин соми (фари еци рæстæги хæццæ рабаргæй, миздбæл бафтудæй 12,4 процентι).

Январæй мартъий уæнгæ хумæтæг рæстæмбес мизди бæрцæ еугуремæй фулдæр рауадæй Стъараполи крайи – 41,9 мин соми (+12,8 процентι). Федералон зилди регионти 'хсæн мизди бæрцæй дуккаг бунат ахæссуй Цæгат Иристон – 37,8 мин соми (+14,7 процентι), æртиккаг бунат ба – Хъæрæсе-Черкеси – 36,7 мин соми (+11,4 процентι). Кæсæг-Балхъари – 36,3 мин соми (+13,5), Дагестани – 35,7 мин соми (+11,4 процентι), Цæцæни Республики – 35,2 мин соми (+12,4 процентι) æма Мæхъæли – 33,8 мин соми (+8,3 процентι).

Хецæн къабæзти уавæрмæ гæсгæ, еугуремæй устурдæр мизд есунцæ паддзахадон унаффæйадæ æма æфсæддон æдасдзийнадæн фадуæттæ арæзтади къабази косгутæ, еугуремæй минкъийдæр мизд ба – бундорон ебони базаради къабази специалисттæмæ.



# ÆХЦА САЙТАНИ ХУАЛЛАГ ÆЙ ÆВИ?..

***Нæ рагфидтæлтæй нин байзадæй уæхæн загъд: «Æхца – сайтани хуаллаг æй...»***

***Æцæгæй уотæ 'й, уой уæхебæл бавзурстайтæ æви нæ, уой ба еумæ исбæлвурд кæнун бавзарæн, мæнæ идарддæр ци фарстатæ мухур кæнæн, уонæбæл циуавæр дзуæппитæ ратдзинайтæ, уомæ гæсгæ.***

**Сумахмæ гæсгæ, рæстзæрдæ архайдæй исгъæздуг уæн ес?**
а) гъо, ес;
б) нæ зонун;
в) нæййес.

**2. Еудадзуг кæсетæ газетти финансон фарстати фæдбæл æрмæгутæ?**
а) гъо;
б) хаттæй-хатт;
в) некæд.

**3. Цæттæ айтæ пайдабæл фæххуæст уни зæрдтæй агъазиау тæссар уавæри бацæун?**
а) гъо;
б) нæ зонун;
в) нæ.

**4. Æхцатæн нæй амонд, зæгъгæ, загъди хæццæ арази айтæ?**
а) гъо;
б) нæ зонун;
в) нæ.

**5. Куд уæмæ кæсуй, банкир исун уæ бон бауодзæнæй?**
а) гъо;
б) нæ зонун;
б) нæ.

**6. Кæд æхца æфстау дæттун нæ уарзетæ, уæд, куд уæмæ кæсуй, еуцалдæр ниуазæней фæсте уæ еци гъуди раййевдзинайтæ?**
а) гъо;
б) нæ зонун;
в) нæ.

**7. Улупай размæ ма уæмæ уæддæр еуцæйбæрцæдæр æхца фæууй?**
а) гъо;
б) хъæбæр æстæнмæ;
в) нæ.

**8. Куд уæмæ кæсуй, айдагъ товартæ рауæйæ-бауæйæ кæнунæй фæццæрæн ес?**
а) гъо;
б) нæ зонун;
в) нæ.

**9. Ести лæггадæ дин ка ракæна, уой «къох барæвдаунæн» фагæ 'й листæг æхцатæ ин раттун?**
а) гъо;
б) нæ зонун;
в) нæ.

**10. Æхца исафунцæ адæймаги уодиконд?**
а) гъо;
б) нæ зонун;
в) нæ.

**11. Продукттæ æлхæнгæй, цæми тухт фæуунцæ, уонæбæл нисангонд аргъ рабаретæ, сæ уæзæ цæйбæрцæ 'й, уой хæццæ?**
а) гъо;
б) хаттæй-хатт;
в) нæ.

**12. Уæ цард бафæдзахстайтæ?**
а) гъо;
б) гъавун уотæ искæнунмæ;
в) нæ.

**13. Листæг æхцатæ даретæ уæ хæлафи кенæ пъолций дзиппити?**
а) гъо;
б) хаттæй-хатт;
в) нæ.

**14. Ести гъуддаг исаразуни фæдбæл уе 'хцатæ исхарз кæнуни фæндæ уæмæ ку фæззиннуй, уæд уæ уосæ (лæги) хæццæ унаффæ бакæнетæ?**
а) гъо;
б) æндæр гæнæн ку нæ уа, уæд;
в.) нæ.

**15. Ескæмæй ихæсгин айтæ?**
а) гъо;
б) рауайуй уотæ дæр;
в) нæ.

### ДÆС БАЛЛЕЙ УÆНГÆ

Бæлвурдæй уотæ зæгъун æнгъезуй, æма нæ бабæлдзийнайтæ циуавæрдæр хуарз гъуддæгутæмæ, дессаги пайдатæ уæмæ си ку «æрттевонцæ», уæддæр. Æвæдзи, уæхæн адæймæгутæ айтæ, кæцитæ сабургай, æнæ уæлдай сæргъæн «æвзарæнтæй» уе 'хца даретæ Æфснайæн кенæ æндæр æууæнкгин банки. Уогæ еуцæйбæрцæдæр æндиуддæр ку уаййайтæ, уæд, æвæдзи, фæрразæнгард уогæй, молгæ дæр ракæниайтæ.

### ЕУÆНДÆС – ИНСÆЙ БАЛЛИ

Капиталти базаради æгæрдæр ма арæхсетæ, æма уин уой фæдбæл арфæ кæнæн. Æцæг, рæстæгæй-рæстæгмæ уæхе уорамунмæ дæр гъæуама арæхсайтæ, уомæн æма уавæртæ комкоммæ нæбал уодзæнæнцæ. Уомæ гæсгæ ба уе 'хцай фæрæзнити кæцидæр хай æфснайди даретæ, иннетæй ба уæ зæрди фæндон фæлваретæ... Кæдимайди ба уин бантæсидæ рамолун...

### ЕУ ÆМА ИНСÆЙ – ДÆС ÆМА ИНСÆЙ БАЛЛИ

Гъе дин, гъе! Басæттетæ ибæл, уæ банки директор хаттæй-хатт сумах фæффæрсуй æ райаразуйнаг фарстати фæдбæл. Æрдзæ уæ фæххайгин кодта дессаги æсмотæнтæй æхцай тæф лæдæрунмæ!.. Фал арæхстгай: рæстæгæй-рæстæгмæ æрлæууиайтæ æма уæхе бафæрсиайтæ: æгæр нæ иселлæг дæн. Цийфæнди арæхстгин адæймаг дæр бустæги гъæуайгонд нæй рæдудтитæй. Æма æгæр хенвæрсон ку уайтæ, уæд афойнадæбæл нæ арæстæфдзинайтæ тæссагдзийнадæ.

| № вопроса | А | В | С |
|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 1 | 0 |
| 2 | 2 | 1 | 0 |
| 3 | 1 | 2 | 0 |
| 4 | 0 | 0 | 2 |
| 5 | 1 | 2 | 0 |
| 6 | 0 | 1 | 0 |
| 7 | 2 | 1 | 0 |
| 8 | 0 | 1 | 2 |
| 9 | 0 | 1 | 2 |
| 10 | 2 | 1 | 0 |
| 11 | 2 | 1 | 0 |
| 12 | 0 | 1 | 2 |
| 13 | 2 | 1 | 0 |
| 14 | 2 | 1 | 0 |
| 15 | 0 | 1 | 2 |

Дигорæ
**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:**
РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **950**. Заказ **№ 1248.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 09.06.2023.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 09.06.2023.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**